

PWOGRAM SIPÒ POU MOUN KI AP PRAN SWEN FANMI NAN MASSACHUSETTS

Èske mwen se yon moun ki ap pran swen yon fanmi?

- Si ou ap pran **swen** yon **fanmi pwòch** ki granmoun, oswa ki gen yon andikap oswa ki malad, ou se yon moun ki ap pran swen yon fanmi.
- Nan **swen** an, kapab gen èd finansyè, al nan makèt, transpò, netwayaj oswa fè manje.
- Ou kapab ap pran swen yon mari/madanm, yon paran, granparan, timoun ki gran, pitit pitit, zanmi oswa yon vwazen.




Èske mwen bezwen sipò pou moun ki ap pran swen yon fanmi?

- Pran swen yon moun kapab bay satisfaksyon, men, li kapab gen yon enpak emosyonèl, fizik ak finansyè tou.
- Pa egzanp, pran swen yon moun kapab lakoz fatig, estrès, enkyetid, rate jou travay epi pase tan lwen fanmi, zanmi oswa pa pran detant.

Kisa Pwogram Sipò pou Moun ki ap Pran Swen yon Fanmi nan Massachusetts la ye?

- Pwogram Sipò pou Moun ki ap Pran Swen yon Fanmi an ofri **sèvis gratis** pou **moun ki ap bay swen** ki kalifye yo.
- Se Biwo Egzekitif pou Kesyon Granmoun nan Massachusetts la (Massachusetts Executive Office of Elder Affairs) ki ap jere pwogram nan epi se Pwen Aksè pou Sèvis Granmoun (Aging Services Access Point, ASAP) ki nan zòn ou an ki bay li. ASAP se yon seri òganizasyon rejyonal ki pa sou fè pwofi ki angaje yo nan sèvis granmoun yo.



Kiyès ki kalifye pou Pwogram Sipò pou Moun ki ap Pran Swen Fanmi an?

- Ou **kalifye** si ou se yon granmoun ki...
 - ap pran swen yon granmoun ki pi gran (60 lane oswa plis) ap pran swen yon moun ki pèdi memwa (egzanp maladi Alzyamè)
 - gen 55 lane oswa plis ki ap pran swen yon timoun ki gen mwens pase 18 lane
 - gen 55 lane oswa plis ki ap pran swen yon moun ki gen yon andikap



PWOGRAM SIPÒ POU MOUN KI AP PRAN SWEN FANMI NAN MASSACHUSETTS

Kijan Pwogram Sipò pou Moun ki ap Pran Swen yon Fanmi an kapab ede m?

Espesyalis nan Pran Swen yon Fanmi yo kapab, san ou pa peye
pou sa, fè li fasil pou jwenn...

Aksè

Oryante ou kote ki gen resous ak sèvis nan kominote ou a

Konsèy ak fòmasyon

Konseye ou pèsonèlman

Ede ou planifye swen yo kèlkeswa kote fanmi pwòch
ou a ap viv

Òganize gwoup sipò pou moun ki ap bay swen yo

Òganize atelye travay ak fòmasyon

Bay materyèl edikatif

Swen pou relèv

Pandan yon ti tan, soulaje ou anba responsablite w kòm moun ki ap
bay swen yon fason pou ou kapab pran repo ou bezwen

Kijan mwen kapab kontakte Pwogram Sipò pou Moun ki ap Pran Fanmi an?



Rele **MassOptions** nan 844-422-6277 soti 9:00 AM – 5:00 PM, Lendi – Vandredi
Yon moun ap mete ou an kontak ak yon Espesyalis nan Pran Swen yon Fanmi ki
nan Aging Services Access Point nan zòn ou an!



Mass.gov

Ale sou [Mass.gov/family-caregiver-support-program](https://www.mass.gov/family-caregiver-support-program) pou plis enfòmasyon sou:

Kalifikasyon pou Pwogram Sipò
pou Moun ki ap Pran Swen
Fanmi an

Èd ak enfòmasyon sou moun ki ap
bay swen

**Grandparents Raising
Grandchildren** →

Enfòmasyon sou moun ki ap bay
swen nan travay yo

Fòmasyon ak teknoloji pou fanmi ki
ap pran swen yon moun ki pèdi
memwa (demans)

Jounal EOEА pou espesyalis ki
ap bay swen yo